Papye travay · Verifikasyon entèn | v1.0 | 2026-11-20

Yon referans pou prevwa kantite touris ki vini pase nwit nan Sent Lisi chak mwa

Repete chif menm mwa a oswa estime tandans lan pandan sis ane tès

Adrian Dunkley | info@caribbeanaiassociation.com

Rezime

Etid la verifye si yon tandans nou estime ap amelyore previzyon kantite touris ki vini pase nwit nan Sent Lisi. Nan fen chak ane, nou prevwa douz pwochen mwa yo ak de metòd. Youn sèvi ak menm mwa ane anvan an. Lòt la sèvi ak yon regresyon ki gen yon efè pou chak mwa ak yon tandans lineyè ansanm pou tout mwa yo. Nou teste 60 previzyon pou chak metòd sou 2015–2019 epi nou analize 2020 apa. Anvan 2020, mwayèn erè absoli pa mwa a se 1 867 arive pou premye metòd la ak 1 885 pou regresyon an. An 2020, yo monte rive 24 666 ak 24 443. Nan de ane sòm mwa yo diferan ak total ki pibliye a. Nou kenbe chif pa mwa yo epi nou rapòte toude diferans yo. Ekip lokal yo ka refè tès sa a pou evalye modèl ki pi konplike.

Kesyon rechèch la

Èske yon tandans nou estime bay yon pi bon previzyon pase chif pou menm mwa ane anvan an? Ki rezilta toude metòd yo bay lè abitid la chanje bridsoukou?

Done ak metòd

Nou pran douz chif pa mwa pou chak ane ant 2010 ak 2020 nan tablo arive touris Biwo Santral Estatistik la, ki te mete ajou 16 me 2024 [1]. Seri anyèl li a idantifye yo kòm touris ki pase nwit nan peyi a [2]. Nou kenbe tout mwa yo, menm zewo ki nan avril, me ak jen 2020 yo. Pa gen okenn chif pa mwa pou 2021 nan tablo a. Nou kanpe nan fen 2020 pou pa sote ane ki manke a.

Nan fen chak ane ant 2014 ak 2019, nou fè douz previzyon pou ane k ap vini an. Premye metòd la pran chif menm mwa ane anvan an. Dezyèm nan ajiste yon regresyon ak metòd pi piti kare òdinè sou tout mwa ant janvye 2010 ak fen ane ki sot pase a. Chak mwa gen pwòp nivo depa li. Tout mwa yo gen yon tandans anyèl ansanm. Okenn metòd pa sèvi ak obsèvasyon ane pou prevwa a. Tès la swiv lòd tan an epi li sèvi ak metòd referans ki senp [3].

Nou pran valè absoli diferans ant previzyon an ak chif ki pibliye pou mwa a. Nou fè mwayèn sou 60 mwa pou 2015–2019 ak menm pwa pou chak mwa. Nou analize douz mwa 2020 yo apa. Yon erè an pousantaj pa defini pou twa mwa ki gen zewo arive yo. Nou konpare sòm mwa chak ane yo ak total ki enprime nan menm tablo a [1].

Rezilta

Pou 2015–2019, mwayèn erè absoli pa mwa règ ane anvan an se 1 867 arive. Pou regresyon an se 1 885, yon diferans 18 arive. Regresyon an fè pi byen an 2016 ak 2017. Li fè pi mal an 2015, 2018 ak 2019. Toude metòd yo gen tandans prevwa mwens pase kantite ki rive a. Mwayèn erè ak siy li, sa vle di previzyon mwens obsèvasyon, se −1 426 ak −1 295 nan menm lòd la.

An 2020 mwayèn erè absoli pa mwa a monte rive 24 666 pou règ ane anvan an ak 24 443 pou regresyon an. Pou avril 2020, premye metòd la prevwa 36 828 arive. Biwo a konte zewo [1]. Modèl yo pa gen okenn done ki ta anonse yon chanjman sibit nan kondisyon vwayaj.

Mwa 2017 yo bay 386 327 arive ansanm, 200 anplis total 386 127 ki pibliye a. An 2019 yo bay 423 741, senk anplis 423 736 ki pibliye a. Sòm yo dakò pou nèf lòt ane yo. Seri anyèl la bay 386 127 pou 2017 ak 423 736 pou 2019 tou [2]. Sous yo pa presize yon mwa pou korije. Nou kenbe chif pa mwa ki pibliye yo.

Mwayèn erè absoli nan previzyon pa mwa

arive pa mwa



Chak ba bay mwayèn valè absoli erè yo sou 60 mwa pou 2015–2019 oswa douz mwa pou 2020. Yon chif pi ba vle di previzyon pi pre obsèvasyon yo. Kalkil apati [1].

Diskisyon

Anvan 2020 diferans ant mwayèn erè de metòd yo piti parapò ak gwosè erè pa mwa yo. Ti echantiyon sa a pa sifi pou chwazi youn. Yon ekip k ap evalye yon modèl aprantisaj otomatik ka konpare li ak toude règ yo pou menm douz delè previzyon yo. Rezilta pou chak ane ap montre si yon sèl ane espesyal esplike pi fò nan amelyorasyon an.

Chif 2020 yo montre limit yon modèl ki sèvi sèlman ak kalandriye a. Lè yon ekip gen done operasyon ki gen dat sou yo, li ka teste si orè vòl oswa restriksyon vwayaj ki te anonse amelyore previzyon. Li dwe sèvi ak enfòmasyon ki te disponib jou previzyon an te fèt la. Revizyon apre dat sa a bay modèl la enfòmasyon ekip la pa t genyen nan moman an.

Limit etid la

Se yon tès sou done pase pou yon sèl zile, senk ane òdinè ak yon ane kote modèl vwayaj la chanje. Nou pa prezante tès siyifikasyon estatistik oswa entèval pwobabilite. Erè yon mwa ka gen rapò ak sa mwa apre a. Nan mwayèn nan, chak delè previzyon gen menm pwa.

Sous done yo parèt apre dat previzyon yo. Vèsyon ki te disponib pi bonè yo ka gen lòt chif. De diferans nan sòm yo limite konparezon anyèl. Kantite arive a pa di ki otèl, ki wout oswa ki travayè ki te sibi yon chanjman. Etid la pa mezire efè dirèk yon politik vwayaj.

Refè analiz la

Sèvi ak douz liy mwa yo. Kenbe liy total la sèlman pou verifye sòm anyèl yo. Pou chak ane ant 2015 ak 2020, ajiste modèl la sou mwa ki kòmanse an janvye 2010 epi ki fini an desanm ane anvan an.

Pou premye previzyon an, kopye dènye chif ki disponib pou menm mwa a. Pou dezyèm nan, ajiste kantite arive sou douz endikatè mwa ak ane a, san yon konstan anplis. Prevwa douz mwa ane sib la ak regresyon an.

Kalkile valè absoli erè yo ak chif pa mwa ki pibliye yo. Fè yon mwayèn pou 2015–2019 ak yon lòt pou 2020. Pou mezire patipri, kenbe siy previzyon mwens obsèvasyon. Awondi sèlman rezilta final yo.

Tablo done

Mwa	2010	2011	2012	2013	2014	2015	2016	2017	2018	2019	2020
Janvye	26083	26993	25605	25899	27643	31541	30661	31649	32755	34546	33675
Fevriye	27867	26142	28947	27853	30135	32083	31637	33402	35536	38166	39638
Mas	29580	29536	30885	33842	34538	34595	35069	35427	41741	41674	18086
Avril	25984	29122	27399	27772	30757	31200	30104	34322	32555	36828	0
Me	30349	24786	24257	26679	27676	29658	29813	31436	32277	34354	0
Jen	22993	22404	21151	24071	25268	26347	25855	31312	31318	34040	0
Jiyè	34186	32835	29416	28428	32100	32481	33381	38291	37844	42778	1955
Out	29589	28429	27866	27536	28646	27822	29991	33400	34168	36342	3261
Septanm	17393	16844	16687	18391	18247	17468	18169	20249	18745	21608	4122
Oktòb	20624	22431	22248	22385	22805	23745	24251	27967	25991	26923	7808
Novanm	14741	22536	23709	25167	26933	25821	25254	29962	30422	32913	7766
Desanm	26548	30346	28631	30603	33410	32147	33687	38910	41428	43569	14384
Total	305937	312404	306801	318626	338158	344908	347872	386127	394780	423736	130695

Referans

[1] Central Statistical Office of Saint Lucia. Tourist Arrivals Monthly 2010 to 2023. Updated 16 May 2024.

[2] Central Statistical Office of Saint Lucia. Selected Visitor Statistics, 2012 to 2023. Stay-over arrivals series.

[3] Hyndman, R. J., and Athanasopoulos, G. Forecasting: Principles and Practice, third edition. Chapter 5, The forecaster’s toolbox.

Sous done yo

This product was adapted from the information of The Central Statistical Office of Saint Lucia, which is licensed under the Open Licence Agreement of The Central Statistical Office of Saint Lucia. Contributors: Saint Lucia Tourist Board, Saint Lucia Air and Sea Ports Authority, Central Statistical Office.